Nim. 202.103

D E K R È E G Z E K I T I F

Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order, EO 202) pou deklare yon eta ijans akoz katastwòf pou tout Eta New York; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon ak Lwa Eta New York la konfye mwen, avèk dokiman sa a, konkli gen yon katastwòf ki la toujou kote ajans eta ak gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèvni kòmsadwa. Poutèt sa, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen an, mwen kontinye avèk dokiman sa a pandan trant jou deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan Eta a apati de 7 mas 2020, jan li etabli nan Dekrè Egzekitif 202 a. Dekrè Egzekitif sa a ap rete anvigè jiska 25 me 2021.

ANPLIS DE SA, Gouvènè Eta New York, konfòmeman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la ban mwen pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesesè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesesè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa yo, sòf si yo ranplase yo, modifye yo oswa yo otreman ekspire, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 a ak chak Dekrè Egzekitif ki vini apre 202 a, pou trant jou jiska 25 me 2021.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany
nan vennsenkyèm jou mwa avril nan ane
de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a